



RAGAD ADVERTENTIE:
 Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.—
 Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.
 Advertentie limrah: f 0,15 sagaris: (apes: f 1,25).
 Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofredacteur:
B. SOEMARNA
 kabantoe
 REDACTIE - COMMISSIE.



SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.



REGINIPOEN LENGGANAN
 SWARA TAMA

| | | |
|--------------------|--------|------------------------------|
| 1 taoen | f 6,— | } njoewoen kabajar roemijin. |
| 1/2 | f 3,— | |
| 3 woelan | f 1,50 | |

Adrèspoen Redactie lan Administratie
 IGNATIUS - COLLEGE
 DJOKJAKARTA
 Telefoon no. 885.

Drukkerij „Canisius” Djokja.

ISINIPOEN:

Kanggé ngindakaken kawroeh — Poesaka Rah Dalem ing Boxmeer — Pasar malem — Poenapa boten prajogi bédjing malih dipoentjati — Mulofeest — Dadosa panggalihan — 50 taoenan — Congregatie W. K. — Poespita mantja warna — Ontjèn sekar gambir melati — Panglimbang — Oerap-sari — Correspondentie.

KASOESASTRAN.

KANGGÉ NGINDAKAKEN KAWROEH. (basa Djawi).

Wontenipoen *basa* krama ing basa Djawi poenika dèrèng lami. Saweg djamanipoen kraton Mataram nalika K. S. Soeltan Agoeng djoemeneng nata, ing semoe dèrèng wonten *basa* krama kados ing sapoenika, katanda sa'ing serat pijagam djaman Mataraman ingkang kaserat ing tembagi, kados ing ngandap poenika:

Para maos pirsira pijambak bilih ing pijagam poenika *temboeng* ngoko kalijan krama dipoentjampoer. Dados *basa* krama loeogoe ingkang kanggé ing sapoenika poenika oemoeripoen dèrèng wonten tigang atoes taoen. Dr. Brandes mastani *basa* krama poenika kados déné oetji-oetji, dados toemrapipoen *basa* Djawi prasasat sesakit. Wontenipoen *basa* krama poenika peksan, boten béda kalijan temboeng Djawi ingkang kanggé wonten ing *basa* Soenda.

Pijagam sanèsipoen:

Mila jèn wonten pétangan: sing djan Djawa ikoe *basa* krama apa Ngoko, wangsoelanipoen kedah: *basa* Ngoko. Kalijan malih poendi wonten tijang ngoenandika mawi *basa* krama.

Dados jèn wonten ingkang badé damel pasadjanipoen *basa* Djawi, koela boten roedjoek manawi mendet krama. Djawa-dipa, ngoko tanpa oenggah-oenggoeh, koela inggih boten matoek. Saénipoen: ngoko, awit poenika djan *basa* Djawi, nanging katjampoerana krama oetawi krama-inggih soepados katingal oenggah-oenggoehipoen, boten béda kalijan *basa* Walandi lsp. *basa* namoeng satoenggal, nanging kadang kala mendet temboeng ngamañtja kanggé ngatingalaken oenggah-oenggoeh, kados déné

POESAKA RAH DALEM ING BOXMEER.

(Serat saking Nederland).
 Sambetipoen Sw, Tm. No. 31.
 Arak-arakan Rah Dalem.
 Poesaka Rah Dalem waoe pendak

taoen dipoenarak moebeng kita Boxmeer, toeroet margi ageng. Wontenipoen arak-arakan waoe inggih sampoen kina mreboeng. Ing noewala paseksénipoen K. Biskop Jacobus a Castro kaseboet ngadjeng, oegi njarijosaken bab poenika. Dados ing taoen 1631 arak-arakan Rah Dalem pendak taoen, sampoen dados padatan.

Arak-arakan waoe pendak taoen dawah ing dinten Ngahad bakda Pantékostah let kalih minggu, dados Ngahad ing salebetipoen Octaaf Sakramèn Maha Soetji. Slasa lan Minggu tjadakipoen arak-arakan malih moebeng kita. Jèn pinoedjoe arak-arakan makaten, tijang soedjarah saking mantja kita katah sanget, perloe sami ndèrèk arak-arakan. Taoen poenika tijang mantja kita ingkang ndèrèk arak-arakan ing dinten Ngahad, saking Kavelaar, kita tanah Duitschland (oegi pasoejarahana misoewoer) wonten tijang 600, saking Oss., kita nagari Welandi, wonten 300. Kadjawi poenika tijang tanah Limburg, Utrecht lss. oegi katah.

Bab oepatjara oetawi rerenggan saé sanget. Saking katahing tijang lan warni-warnining oepatjara, arakanipoen ngantos pandjang sanget, bingoeng anggèn koela badé njarijosaken. Oetawi malih ing sarèhning rerenggan-rerenggan waoe barang Welandi sadaja, dados anggèn koela badé mastani rekaos. Gendéra-magendéra irid-iridan soemela ing larikaning tijang ingkang sami soedjarah, mawi tjirining pakempalan ingkang aggadahi pijambak-pijambak, sadaja sarwi soetra, katjoeper ing angin toewin kapandoek ing soroting soerjia ing mangsa somer, koemalèbèt koemalap kados oentabing wadyabala malaékat anglajang. Vaandel oetawi gendéra bapang, sami gojang pating djrebabah, abrit, idjem, djené, biroe, dadoe, sléwah, kotangan lss. Sadaja mawi tjiri manéka-néka. Wonten ingkang agambar loekoe rinengga ing salib abrit branang, renggep, pantes dados tjitjirining sadèrèk tani; dasaring gendéra idjem, ateges: soeobering pategilan. Sangandaping gambar loekoe (mèmper loekoe tanah Djawi, kaot mawi glindingan), wonten seratanipoen tjara Latin: Cruce et aratro. Tegesipoen: Sarana Salib lan Loekoe.

Wonten malih gendéra ingkang petak gilap, ing tengah rinengga sesekaran biroe laoe toewin seratan pradan, oenggelipoen: Voor eer en deugd, tegesipoen: ngoedi kasatrijan toewin kaotaméni. Gendéra poenika gadahanipoen pakempalaning para prajantoen. Makaten sapanoenggilanipoen, saben pakempalan gadah gendéra pijambak, atjiri pijambak-pijambak.

Larikaning arak-arakan pinantapanta oeroet-oeroetan. Wonten sapanta ingkang angémba pradjoerit djaman perang salib. Ingkang dados laré-laré, watawis oemoer 8-9 taoen, amemodjah pandjang, sroewal tjekak winiroe malendoeng, rasoekan petak mawi salib emas soemorat angrengga dada, arimong bloedroe idjem angron lembajoeng, doemoegi sangandap bokong; akopjah bloedroe idjem winiroe mlipis mawi boeloe-boeloe petak; mending emas, poetjoeking rangka pedang mèh klangsrah ing siti. Ing wingking wonten larénipoen èstri sandangan petak, njawoeng makoeta emas toemoempang ing bebaptal bloedroe idjem. Wonten malih pepantaning laré èstri, prawan-prawan soemengit, anggotong tandoe toempakan dalem D. Marijah, Ratoening para kenja. Panganggéning laré sami petak moeloes, amakena krawangan wijar apandjang, mawi djamang rontjèn sekar mawar petak. Wonten malih pepantaning laré èstri alit-alit, manganggé sarwa petak, winiroe toempang-balik ing dada toewin lambongo, djamang sekar tjampoer-bawoer riontjé aselang-seling. Poenika éntanipoen pepantaning malaékat; wonten ingkang mbekta sekar mawar sagagangipoen, wonten ingkang mbekta sekar lèli, wonten malih

ing kang mbekta sekar gandoem (plek sekar pantoen) mawi dridji njempoeirit. Samanten ingkang sanget mranani menggahing koela, boten sanès kadjawi pepantaning laré èstri alit-alit, watawis oemoer 5-6, irid-iridan djèdjèr kalih, sami manganggé rok petak; ramboetipoen potong polkah, pating prentel ngombakbanjoe, wonten ingkang djené gilap kados emas enèm, wonten ingkang klawoe mawoel-mawoel maroewoen, oetawi malih abrit angembang djagoeng; mripat kados kenèker beling, kilang-kilong, manikipoen wonten ingkang biroe kimpling-kimpling, wonten ingkang petak toentoeng klawoe bening, katingal telengipoen; pipi sami pating semboerat abrit kados bonèkah. Jèn loemampah tek-sih sadjak senggogoran, mènglèng-mènglèng kalijan ngemoet dridji, sadjakipoen boten mreodoeli ombjaking arak-arakan babar pisan. Menawi pinoedjoe mènggok, bingoeng, tingak-tingoek nolih kantjanipoen, oetawi mèngo ngingetaken soesteripoen, kalijan mending-mending, lambé dipoengaber-gaberaken, tangang grajahan pados gandengan

Sawingkingipoen laré-laré alit waoe kasamboeng pepantaning laré djaler, mawi djoebah abrit lan kroset petak kadosdéné djoeroe ladi, sami manggoel padoepan djenénan ingkang agengipoen sapangaron.

Sawingkinging padoepan para frater, adjoebobah tjemeng soklat gosong, sekapoelir pandjang noenggil warni, arimong petak wijar apandjang ngantos doemoegi tjingklak, kaloeroeban rimong alit, moebeng, ing ngadjeng doemoegi ngandap dada, pinggirang boender malengkoeng; ing wingking mèh doemoegi tjetik, ing tengah gatoekipoen semoe lantjip. Rimong alit waoe ing nginggil leres kaloewenging djangga wonten kopjahipoen, kadjeplakaken dawah ing geger, ing wingking poetjoeking kopjah lantjip, pinggirangipoen ngaloewenging ing sangandap gitok, moebeng ndjepiping toemoempang poendak kiwa tengen, doemoegi ngadjeng mbalik katingal rangkepaning kopjah ingkang nglebet, warni tjemeng kados djoebahipoen; doemoegi ngandap tenggok gatoekipoen malengkoeng ngiwa lan manengen. Lampahing para frater, djadjar kalih oeroet sepoeh, pating kendoejoek; rimong katjoeper ing angin soemilak pijak ing ngadjeng. Ing wingking pijambak wonten frateripoen ingkang mandjila ing warni: ramboet tjemeng, pakoelitan nembaga. Tetijang ingkang sami ningali sami pating klesik ngelokaken: O galo, ana frateré Tjina! Kantjanipoen mangsoeli: Doedoe Tjina, Neger. Wonten tijang Jahoedi ningali, soemerep frater waoe, anggènipoen ngelokaken: Lo, ana wongé Indoe! Samanten frateripoen kok inggih kéndel kémawon, ning èmpiripoen genah radi gemrobjos sakedik, roemaos dados „tontonan.”

Minangka poengkasaning arak-arakan: Sakramèn Maha Soetji, sinongsongan baldekijna soetra rinénda, mawi langé bloedroe moebeng. Déné poesaka Rah Dalem papanipoen wonten sangadjenging pepantning malaékat; dipoendjadjari pradjoerit ing djaman tengahan, amanganggé sarwi abrit, kotang tjemeng, rai dipoengintjoe, mbaranang ngadjrihi. Sadaja sami mandidamel: kampak, tjis, toembak. Pradjoerit poenika tjarijosipoen roemijin para warganing pakempalan Rah Dalem (1499).

Ing wasana prakawis padjangan toeroet margi, gapoera, gendéra, sesekaran lss. para maos koela atoeri nggambar pijambak wonten telenging panjpta. Gapoeranipoen temtoe kémawon sanès deling, awit nagari Welandi boten wonten, ananging kadjeng. Rèhning marginipoen boten patos wijar, jèn wonten montor sli-riangan kadoegi trep kémawon, mangka grija-grija sapinggiring margi èpèt-èpètan tanpa elet, dados dipoen-padjang gampil toer saé.

ing kang mbekta sekar gandoem (plek sekar pantoen) mawi dridji njempoeirit. Samanten ingkang sanget mranani menggahing koela, boten sanès kadjawi pepantaning laré èstri alit-alit, watawis oemoer 5-6, irid-iridan djèdjèr kalih, sami manganggé rok petak; ramboetipoen potong polkah, pating prentel ngombakbanjoe, wonten ingkang djené gilap kados emas enèm, wonten ingkang klawoe mawoel-mawoel maroewoen, oetawi malih abrit angembang djagoeng; mripat kados kenèker beling, kilang-kilong, manikipoen wonten ingkang biroe kimpling-kimpling, wonten ingkang petak toentoeng klawoe bening, katingal telengipoen; pipi sami pating semboerat abrit kados bonèkah. Jèn loemampah tek-sih sadjak senggogoran, mènglèng-mènglèng kalijan ngemoet dridji, sadjakipoen boten mreodoeli ombjaking arak-arakan babar pisan. Menawi pinoedjoe mènggok, bingoeng, tingak-tingoek nolih kantjanipoen, oetawi mèngo ngingetaken soesteripoen, kalijan mending-mending, lambé dipoengaber-gaberaken, tangang grajahan pados gandengan

Sawingkingipoen laré-laré alit waoe kasamboeng pepantaning laré djaler, mawi djoebah abrit lan kroset petak kadosdéné djoeroe ladi, sami manggoel padoepan djenénan ingkang agengipoen sapangaron.

Sawingkinging padoepan para frater, adjoebobah tjemeng soklat gosong, sekapoelir pandjang noenggil warni, arimong petak wijar apandjang ngantos doemoegi tjingklak, kaloeroeban rimong alit, moebeng, ing ngadjeng doemoegi ngandap dada, pinggirang boender malengkoeng; ing wingking mèh doemoegi tjetik, ing tengah gatoekipoen semoe lantjip. Rimong alit waoe ing nginggil leres kaloewenging djangga wonten kopjahipoen, kadjeplakaken dawah ing geger, ing wingking poetjoeking kopjah lantjip, pinggirangipoen ngaloewenging ing sangandap gitok, moebeng ndjepiping toemoempang poendak kiwa tengen, doemoegi ngadjeng mbalik katingal rangkepaning kopjah ingkang nglebet, warni tjemeng kados djoebahipoen; doemoegi ngandap tenggok gatoekipoen malengkoeng ngiwa lan manengen. Lampahing para frater, djadjar kalih oeroet sepoeh, pating kendoejoek; rimong katjoeper ing angin soemilak pijak ing ngadjeng. Ing wingking pijambak wonten frateripoen ingkang mandjila ing warni: ramboet tjemeng, pakoelitan nembaga. Tetijang ingkang sami ningali sami pating klesik ngelokaken: O galo, ana frateré Tjina! Kantjanipoen mangsoeli: Doedoe Tjina, Neger. Wonten tijang Jahoedi ningali, soemerep frater waoe, anggènipoen ngelokaken: Lo, ana wongé Indoe! Samanten frateripoen kok inggih kéndel kémawon, ning èmpiripoen genah radi gemrobjos sakedik, roemaos dados „tontonan.”

Minangka poengkasaning arak-arakan: Sakramèn Maha Soetji, sinongsongan baldekijna soetra rinénda, mawi langé bloedroe moebeng. Déné poesaka Rah Dalem papanipoen wonten sangadjenging pepantning malaékat; dipoendjadjari pradjoerit ing djaman tengahan, amanganggé sarwi abrit, kotang tjemeng, rai dipoengintjoe, mbaranang ngadjrihi. Sadaja sami mandidamel: kampak, tjis, toembak. Pradjoerit poenika tjarijosipoen roemijin para warganing pakempalan Rah Dalem (1499).

Ing wasana prakawis padjangan toeroet margi, gapoera, gendéra, sesekaran lss. para maos koela atoeri nggambar pijambak wonten telenging panjpta. Gapoeranipoen temtoe kémawon sanès deling, awit nagari Welandi boten wonten, ananging kadjeng. Rèhning marginipoen boten patos wijar, jèn wonten montor sli-riangan kadoegi trep kémawon, mangka grija-grija sapinggiring margi èpèt-èpètan tanpa elet, dados dipoen-padjang gampil toer saé.

PRADJA RAHAJOE.

PASAR MALEM.

De Koerier. no. 95, martosaken bilih Bestuur ing Ngajogjakarta mangsoelaken panjoewoenanipoen bangsa Tjina anggènipoen badé ngedegaken pasar malem bédjinging woelan September ngadjeng poenika. Wontenipoen Bestuur mangsoelaken panedaniipoen bangsa Tionghoa waoe, kabekta negari menggahing kawontenanipoen economie kawoela ing Ngajodja. Beleid-ipoen Pangrèh ingkang kados makaten poenika dadosa toeladaniipoen para Pangrèh sanèsipoen.

Economie-nipoen sadèrèk Djawi, kawijaraken malih sadèrèk Indonèsijah, ringkih. Menggah djalaranipoen boten margi saking pasar malem, margi sanès-sanèsipoen oegi katah.

Kapasang jogi sanget déné Bestuur Ngajogja karsa mboektèkaken bilih pasar malem oegi ndjalaken, mlaratakan kawoela; manawi tijang boten gadah arta margi kaperloean pasar malem, tijang waoe boten mawi rikoe lingsem, nggantosaken barang darbèkipoen, déné manawi sampoen boten gadah barang gantos-an—ingkang padjeng kagantos-aken—ladjeng poeroen nabrak pados samboetan, ingkang ndjalari saja rëndèl samboetanipoen. Mila boten lepat ingkang sami mestani bilih sadèrèk Djawi, manawi sampoen ketjegoer ing lobang, wegah mentas—lobang njamboet sagélo anak-anipoen sagobang. — Katjempoenging lobang dèrèng roemaos klitjij, ladjeng tékadipoen ndawah ing lotèng pindah. Jèn sampoen dawah wonten ing lotèng awang-awangan mandap—lotèng njamboet sagélo saremanipoen karotèng.—

Para sadèrèk, ingkang ahli koran oetawi ahli saba setatsijoen, ing saben taoenipoen temtoe mranggoeli advertentie oetawi reclame „bezoek de pasar malem, de jaarbeurs ing Anoe,” boten trimah kaping satoenggal lan sapanggénan.

Mangga koela atoeri niti saking Anjer mangétan doemoegi Banjoewangi, temtoe djoedjel katradjang pasar malem. Noewoen-noewoen déné koela boten saged ngatoeraken statistik-ipoen arta-arti ingkang loemebet ing pasar malem kanggé ing sa-Indonèsijah, djer koela sanès golongan Statisticus. Keleresan poenika wonten tjoepliklan Jaarbeurs ing Bandoeng.

| Taoen | penonton | dangoe-ipoen | karafak sadinten | total der ont-gemiddeld per dag |
|-------|----------|--------------|------------------|---------------------------------|
| 1927 | 195.675 | 20 dinten | 9.784 | f 53.197,78 |
| 1928 | 189.166 | 16 | 11.823 | f 2.659,89 |
| 1929 | 226.227 | 16 | 14.119 | f 3.448,99 |
| 1930 | 136.061 | 12 | 11.339 | f 4.088,34 |
| | | | | f 40.243,85 |
| | | | | f 3.353,65 |

Tjatjah taoen 1930 poenika kapé-tang doemoegi 2 Juli 1930. Mangka de XI jaarbeurs Bandoeng poenika 21 Juni t/m 6 Juli 1930. Mangga sampoen pinten ewoe roepijah ing dalem 11 ambalam.

Wekdal samangké pasar malem Semarang saweg moelai, pasar

Badé kasambet.

Hollandsche Neutrale School Kalitidoe (Bodjonegoro)
 betah goeroe pambantoe, ingkang wadalan Kweekschool (kl. 3 vierjarige cursus) langkoeng oetami ingkang sampoen praktik. Diploma boten perloe, waton gijat njamboet damel. Serat lamaran dateng kepala sekolah.

DADOSA PENGGALIHAN.

Sareng koela maos artikel ing Swara-Tama no. 28 tanggal 11 Juli 1930, koela ngalembana sanget dateng noot-ipoen rama Redacteur, katjihna inggiling penggalihanipoen, djer pandjenganiipoen dèrèng karsa netepaken poendi ingkang lepat, ngoegemi oengeling bebasan: sing betjik ketitik, sing ala ketara, poenika leres sanget.

Menggahing woeroekipoen para sardjana awon oetawi saéning kenjataan poenika dèrèng tjekap jèn namoeng ngoegemi ginem kémawon, awit katah tijang saged gineman kados ija-ija, nanging ginemipoen boten tjotjog kalijan kenjataan; malah tijang ingkang saja katah kawroeh-ipoen oepami badé nindakaken sedyanipoen ingkang pantjèn nalisir saking kenjataan, saged boten ngetawisi, krana saking baod ngikal bananipoen. Nanging toemrap tijang ingkang sampoen katah sarempoen, liripoen sampoen dangoe ngraosaken sarem, jèn badé ngoegemi gineming sanès, sedangoenipoen mirengaken ginem ingkang apait maben oepaminipoen, temtoe mawas dateng patrap toewin klédjemipoen ingkang gineman.

Koela bijantoe dateng ngendikanipoen rama Redacteur mangajoe bagja kekahing lan adjengipoen persatoean. Temboeng persatoean poenika rak saking temboeng satoe, wigatosipoen noenggil sedy. Lah jèn lid-lidipoen sami tjetjengilan, poenapa matoek temboeng persatoean wonten ing ngrikoe? Saweg tijang ingkang tanpa kawroeh kémawon rak ngertos?

Nalika P.G.H.B. afd. Banjoemas ngawontenaken pepanggihan tanggal 24 Juni 1930, mitoeroet olempoen: special kanggé sed. saking N.S. kalijn K.S.; koela inggih dateng; mireng ginemipoen sedèrèk Soerawidagda wonten émpiripoen kalijan orèhan ingkang kamot ing Sw.Tm. no. 23 tg. 6 Juni 1930. Kala semanten dèrèng wonten ingkang ngakeni poendi ingkang lepat; sedaja ngakeni leresipoen pijambak, ladjeng pauze.

Bakda pauze Voorzitter tjabang kaseboet, maos motie kados ingkang kamot ing Swara-Tama no. 28. Nitik saking sesorahipoen N.S.ers dèrèng sami moepakat dateng motie poenika, malah N.S.ers njoewoen soepados actienipoen sami kaban-toea, déné ingkang boten moepakat soepados anglairna, nanging kala semanten boten wonten swanten; pramila N.S.ers gadah pengadjeng-adjeng bilih panedaniipoen dateng pepanggihan ing rikoe badé k arembag. (Moepakat oetawi botenipoen).

Voorzitter nerangaken jèn P. G. H.B. boten saged nanggél, nanging pertemoean saged.

Saking pengraos koela sarèhné P.G.H.B. Banjoemas ngakeni awatak bapa, sampoen samestiniipoen jèn bapa pradah nanggél roewet rentenging anak-anakipoen, wadjib saged nanggél klajan adil, paring lelerasan dateng anak-anakipoen ingkang sami tjongkrah amrih saé roekoen lan wilodjengipoen; poen anak ingkang pantjèn lepat wadjib mbangoen toeroet dateng lelerasaning bapa ingkang dedasar kaadilan toewin katresnan.

Prakawis anggenipoen boten nanggél waoe saking ngendikanipoen, amargi dèrèng karembag. Lah sadèrèngipoen ingkang karembag poenapa namoeng sabagéan?? Mangka ingkang tapi oelem nemtokaken, bilih ingkang ngawontenaken parepatan dadag sampoen sedija sedaja pakéwet-éweting rembag, awitwonten ing serat oelem boten katjetakaken bab-bab poenapa ingkang badé karembag, namoeng kasebataken pepanggihan N.S.ers kalijan K.S.ers.

Voorzitter nerangaken lan mrajogékaken P.G.H.B. katoetoe roemijin, mangké ladjeng ngrembag paneda-

nipoen N.S.ers. Nalika poenika ing pepanggihan ngrikoe sasoemerep koela boten wonten dridji ketingal ngatjoeng oetawi soewanten kami-reng, ingkang njoelajani pangandikanipoen t. Voorzitter. Dados tetéla sedaja moepakat Hamer doemawah ing médja tok djam 2.30.

Sanalika (dèrèng ngantos kabikak) tanpa sebawa sami ngéndrani tjabar tanpa krana, njat sami djoemeneng késah tanpa

Sinten ingkang teksih sami te-ngoek? pating plenggong wonten ing koersi? inggih namoeng N.S.ers 17. Pantjènipoen koela boten wentala nglairaken kawontenan ingkang koela sipati mawi mripat koela kalih mekaten poenika; nanging sarèhné ing Swara Tama kersanipoen rama Redacteur mligi ngemot pekabaran ingkang njata, pramila koela kepeksa medaraken poenapa wontenipoen, soepados dadosa penggalihanipoen para maos.

Pengadjeng-adjeng koela moegi-moegi persatoean kita wonten eenheid ingkang sanjata (troes ing manah); kirang prajogi jèn namoeng tjetjengilan, jèn keladjeng mekaten saéstoe boten badé wonten kemadjenganipoen.

Sokoer bilih wonten ingkang kersa ngadani ndandosi pasoelajan poenika amrih kekahing persatoean kita.

Koela Saleresipoen.

50 TAOENAN.

Kala tg. 27-7-'30 para goeroe ing bawah Ond. Dist. Grabag sami kempalan wonten ing Ite klas school Grabag. Pakempalan kabikak wiwit dj. 9 éndjing - 12. Panoetoe-ning pakempalan pandjenenganipoen Hr. mantri goeroe Ite klas sch. Grabag. Ingkang dateng goeroe 20 saking 8 sekolah, inggih poenika: Ite klas sch. Grabag, Volks. Redjasari, Banjoesari, Tirta, Kajoepoering, (Poerwaganda, Tjitrana gadahanipoen Missie), Losari. Pagoenan boten saged dateng margi alangan.

Inggih karembag anggenipoen badé moeljakaken 50 taoen dalem Kangdjeng Sri Maharadja Poetri Wilhelmina mbéndjing tanggal 31 Agustus. Moerid-moerid saking pamoelangan kasbat badé kaseneng-senengaken srana badé kaarak dateng kawedanan béndjing tg. 2 September.

Sampoen katamtokaken bilih setoenggal-setoenggal sekolah doesoan jèn toemoet arak-arakon kedah mbajar f 10 dateng comite.*

Dapoekanipoen ingkang karembag 1. Lampah-lampahipoen; 2. Rerangkèn (oebarampé); 3. Teda; 4. Pendjagèn politie. Rembag no. 1. Laré saking satoenggal-satoenggal pamoelangan kedah nglempek roemijin dateng Ite sch. Grabag. Djam 8 kedah sampoen dateng.

Nanging Losari moeroegaken dangoe anggenipoen rembag. Djalaran poenika tebih pijambak. Tijang lampahan 2 djam saking Grabag. Mila poetoesaning rembag. Losari badé kaebusaken. Wragadipoen kasanggih sedaja kanta goeroe. Tjajahing moerid 125, dados bus pinten? Ongkosipoen pinten? Ingkang dèrèng poetoes rembagipoen bab 3 (Teda). Ananging ing ngriki koela boten badé ndjèrèng rembag sedaja.

Béndjing dawahing arak-arakon para goeroe kapoerih manganggé diens (sikepan tiemeng, kerisan). Poedji koela moegi-moegi, béndjing seneng saéstoe para moerid ing sekolah kasbat nginggil. Wohipoen moegi saja nenarika senengipoen laré ndjawi dateng sekolah lan sregepingoer para moerid mlebet sinaoe.

Goeroe doesoan Poerwaganda S.

CONGREGATIE W. K. AFD. SOERAKARTA.

Koela mireng kabar saking par-wartos W. K. ingkang kapoerih propaganda pados warga kanggé Maria Congregatie afd. Wanita ing Soerakarta, bilih nitik glagad-glagadipoen (samanten waoe jèn boten wonten ama—HARAS—HARASEN WEGAH lsp.) saged madeg; djalaran saged angsal warga njekapi, apes kados pamoendotipoen Rama Directeur!

Jèn pakabaran ing nginggil waoe saged kalampahan, Pf. koela, koela atoeraken dateng pangrèhing W. K. kaseboet nginggil, makaten oegi boten kasoepèn dateng para promotoresenipoen!

Kadag Katholiek wanita—inggih poenika salah satoenggiling wohing pakarjan pandjenengan ingkang loe-hoer lan moelja sanget!

Moegi koeloe! (Trenggana).

pijambak, déné Negari inggih kedah ngajomi lan soeka pitoeloengan sarta toelada. Kados-poendi toemindakipoen kita orang soemarah.

Bestuur Ngajodja djempol malih, déné mangsoelaken panjoewoenanipoen Harmston's Circus badé main wonten kita ngrikoe. De Koerier ngantos mastani „rechtvaardig en billijk" anggenipoen nampik pasar malem lan circus.

Koela kapeksa ngeloes dada, nginggoek dateng Bestuur sanès papan—kita, regentschap—anggenipoen gampil ngidini wontenipoen tijang pasang karaméjan ketoprak, ringgit tijang, abang idjo etc. Mangka manawi padjeng kok malah njowoen idin indakan (verlengd), djoeroe ngoepados arta, anggenipoen badé ngeroek akalipoen wonten kémawon, sarana lotré, prijs,

* ? ? Red.

concoure enz.

Sapisan malih para Bestuur karsa naliti pirsu kados - poend economie - nipoen ingkang abdi sampoen nggampilaken indaking lebeting paos vermakkijheden.

SOEKATJA.

VARIA.

POENAPA BOTEN PRAJOGI BÉNDJING MALIH DIPOENTJATETI?

Wiwit djaman kina mila, pantjèn sampoen dados djamakipoen, jèn menoengsa mekaten temtoe kedoe-noengan watak soepènan. Nanging dangoe oetawi énggaling soepé toemrap setoenggal-toenggaling tijang, boten sami. Wonten ingkang gampil lan énggal sanget, lan wonten sawenèh ingkang angèl lan dangoe soepènipoen.

Mekaten waoe namoeng goeman-toeng dateng anèm sepoehing tijang, katah sekediking pendamelan, oetawi malih pantjèn sampoen dasaripoen.

Poenapa gampil kesoepeèn mekaten prajogi? Menawi namoeng toemrapping barang sepelé boten badé dados baja poenapa-poenapa. Nanging toemrapping prakawis ingkang perloe oetawi kaanggep perloe, alitipoen temtoe badé saged damel tjoewa lan mangkel; ageng-ipoen saged ndatengaken tjilaka.

Kadosta:

Mentas poenika poen panjerat wiwit toemapak njamboet damel ingkang sepisanan wonten ing tanah Goepermènan. Ing sarèhning sampoen dipointjijosi déning kanta katah, jèn badé toemapak njamboet damel ingkang sepisanan mekaten wadjibipoen kedah ngadep dateng Kabopatèn (pangarsaning school-commissie) lan Kawedanan Poerw. (panitraining school-commissie) roemijin. Dados inggih ladjeng kapeksa énggal-énggalan merlokaken ngadep.

VAN LITH-STICHTING.

SINTEN ingkang dèrèng dados warga V. L. S. énggal koela atoeri LOEMEBET.

Pangrèh V. L. S. PASTORIE MOENTILAN N. I. S.

Wonten ngrikoe pandjenenganipoen karsa manggih. Sanget matoer noewoen!!!

Ananging moegi kawoeningana. Let sawatawis dinten mireng kabar jèn wonten pendangon saking Kawedanan: *Apa sebabé goeroe anjar jèn sawatawa dina wiwit toemapak njamboet gawé teka ora gelem ngadep mrene?*

Wadoeh hem! Mak deg raosing manah. Tijang sampoen ngadep lan pandjenenganipoen inggih karsa manggih, teka saged kesoepeèn.

Poen panjerat sampoen pitados jèn pendamelan ingkang kaasta pandjenenganipoen poenika, katah sanget, boten ngemoengaken prakawis poenika waoe kémawon. Dados jèn boten dipoentjateti (kaserat), temtoe badé gampil soepènipoen.

Inggih ta, jèn namoeng ngendika kados ing nginggil waoe, boten dados baja poenapa-poenapa. Nanging jèn ngantos ngendika: *„Wong ora ngerti tata lan ora ngerti wadjib.”*

Wadoeh gèk kados poenapa wirang koela. Langkoeng - langkoeng ing ngrikoe wonten abdi lan poeng-gawa katah, dados boten sandé temtoe pengendika waoe saged soe-mebar dateng poedi-poendi pang-gènan.

Kang mangka kanggé koela poenika tijang R. K. Dados jèn kelantoe-lantoe, saged oegi soemrambah toemandoek dateng kita tijang R. K. sadaja: *„Jèn wong R. K. ike ora ngerti tata; lan . . . !”*

Mekaten poenika gampil sanget kelampahan, mergi saking kelantoe-ning basanipoen tijang katah.

Jèn mekaten, poenapa boten langkoeng prajogi, béndjing malih jèn mentas wonten goeroe énggal oetawi poenggawa sanèsipoen ingkang so-wan, teroes dipoentjateti? Soepados boten saged gampil soepènipoen.

Inggih dados goemoening manah koela, déné poenggawa ingkang ngatoeraken nalika sowan koela, teka boten karsa matoer. Hem!!

Poenapa inggih kesoepeèn, noen!!!

MADJENG TENAN??

Manawi njawang mrika-mriki, ombjaking djaman sapoenika, mèh angger panggenan ngrembag adjeng-ing onderwijs.

Noewoen; noen inggih nitik gelar, sapoenika sampoen wonten pamoelangan maroepe-roepi wonten ing madyaning tanah kita. Ngantos ing doesoan ngadoesoan, paredèn, inggih wonten, boten kados djaman nalika koela taksih koentjoeng, namoeng ing kita-kita oetawi kadistrict-an kémawon.

Kados-poendi menggahing sadèrèk kita kaeom tani (doesoan) poenapa sampoen dojan oetawi ngretos tenan. Saprika-sapriki sampoen lami sanget.

Manawi nitik sagebjaran pantjèn sampoen nama madjeng, nanging sareng dipoenprocent, teka namoeng 3 1/2%. (manoet Persatoean Goeroe nr: 3-4, Febr. 1930). Sabab, poenapa boten wonten leerplicht?

Lan malih saking katahing pamoelangan doesoan, satoenggal kalih pamoelangan openbaar kl. II. (volledige school) sok kakirangan moerid (lebetan) kanggé pangkat I. Poenapa malih pamoelangan opnb. kl. II. ingkang dipoenkepoeng sekolahan doesoan lan pondok. Angsala moerid énggal inggih sarana rekaos. Pilih poendi. Sapérangan mesti milih sekolahan doesoan, awit roemasoipoen boten bajar. (Prakawis bajar lan boten ing satoengaling panggenan boten mesti oetawi boten sami.) Nadyan ing sek. opnb. wonten pranatan Gratis. Sabab poenapa. Awit tijang poenika roepi-roepi, wonten ingkang éman-éman, soetik, déring ngretos oetawi pantjèn wegah, arep olèh soetik kélangan. Terkadang wonten ingkang koemetjap, poeroen njakolahaken angger boten bajar oetawi namoeng sakedik pambajariipoen. Inggih nadyan boten katah ingkang kados makaten; bajaran sekolah dipoenawis. Toer kading kala sasawanganipoen kadoegi oetawi tjekap.

Tandanipoen poenapa. Wonten satoengaling sekolahan opnb. sampoen 13 taoen laminipoen (madeg-ipoen) - la tyang ingkang goemantos Kepala kémawon mèh 8 taoen kok. Poenika angger dong bikakan bakda liboer ageng angèl angsalipoen tjalon moerid pangkat I. Sampoen binantoe (saben-saben) dateng ingkang Wadana, manawi noen inggih ngranding.

Datengipoen tjalon moerid waoe awis ingkang dipoenteraken tijang sepoehipoen. Mèh sadaja srana dipoengiring Loerah oetawi prabot doesoan. Malah wonten satoenggal kalih, ingkang anakipoen sampoen sekolah 2 a 3 dinten (sapeken) tijang sepoehipoen boten soemerep. Ladjeng dadakan nemoeng anakipoen dipoenteda medal. Jèn dipoenoendang awis ingkang poeroen dateng. Dipoendatengi sok boten pinanggih djalaran saweg pados kasil.

Malah asring dados ngingkrak-ingkrak. Ah, éwoeh aja tandangé. Wonten malih ingkang saweg 1 dinten sampoen mogok, nadyan dipoen terang-terangaken, ngantos damel riboeting goeroe, meksa mogok.

Wonten malih ingkang pantjèn saged bajar (manoet kateringaning saking loerahipoen) nanging sareng katarik, wangsoelanipoen, noewoen kémawon, jèn kapoerih bajar boten koela sakolahaken. Hm, semanten angèlipoen wonten doesoan. Andèk poena sok dipoenpaiben.

Sadaja laré gratis sampoen manoeet wawasaniipoen Kepala doesoan, djalaran poenika ingkang djan mesti soemerep tenan. (Kadjawi ingkang kanjatakaken.)

Sampoen naté klampah nalika wonten dawoeh indaking bajaran sakolah mèh dados gendra (Tjara sapoenikanipoen mèh badé staking)

Sampoen namoeng poenika atoer koela.

Kaki: Pangènedja.

Percy Blakeney.

MULOFEEST SOERAKARTA.

Gebouw Mulo Katholiek Soerakarta sampoen dados, besoetan saking hotel „Dohne" kapernah sakidol Grédja Katholiek. Sapoenika sampoen dipoen-énggèni. Kala tanggal 1 Agustus kapengker poenika ing Mulo kawontenaken feest, karawoehan Rama-rama Pastoer, Broeder, leeraar-leeraar Mulo, goeroe-goeroe H. I. S. moerid? Mulo, saha wakil pers „Swara Tama." Wontening nummers sadaja njenengaken; geslaagd, ngakenaken weteng „langkoeng? tooneel," tijang njerèt" makaten oegi nummers sanès-sanèsipoen.

Inggih dados laré éstri loewes! Tembang Djawi karanganipoen sad:

ngantos dados damelipoen ingkang Wadana. Taoen pinten kesoepeèn, lan ingkang Wadana poenika sampoen pindah lami.

Nadyan saged angsal moerid kl. I. tjekap, srana bantoean, éwa déné boten saged compleet 4 a 5 dintenan. AAAH, melas timen ta kang karija.

Poenapa kraméjan oetawi feesta poenika saged dados oempan oetawi poeloet. Boten mesti.

Saking pikadjenjipoen Kepala énggal badé damel ramé-ramé sawatawis, srana oeroenan. Nanging kantjanipoen, ingkang sampoen lami wonten ingrikoe sami ngampah (menggak) akanti nerangaken jèn sampoen klampah makaten malah dados tjomèl, lan rèwèl, (Goeroe-goeroe lami sampoen pindah sadaja.)

Ladjeng goeroe-goeroe ngriki sa-ijeg njenengaken sawatawis, tanpa angsal soembang soeroeng, mligi sami ngrogoh kantongipoen pijambak, sami ngolah lan toetoembas pijambak-pijambak. Laré inggih katingal seneng, lo nadyan tjlimèn, katawis marem. Kadadosanipoen! Mak regedeg, mèh-mèh goeroe dipoenlong 1. (Manoet pétanganing moerid).

Let sawatawis taoen malih, goeroe énggal sami ngajati malih damel bodjana kados waoe wewah Gramaphoon, éwasemanten, satali = 5 kelip, djas boekak iket blankon, sami mawon. Malih, malih inggih! oegi makaten wewah dubbel Gramaphoon. (Goeroe ngriki sapoenika ingkang gadah Gramaphoon 2, modèl roepi 2). Toer wonten gending-ipoen Arab breng. Naaanging bo, boten maremaken manah, mandar inggih mangga kabatang pijambak.

Satoenggal engkas inggih? Nalika moeljakaken dinten wijosan dalem S. B. M. R. POETRI, ing Ned. taoen kapengker, awit boten angsal soembang soeroeng, laré kapoerih oeroenan kagebag ratjak a 2 ketip poenapa pinten. Éwasemanten boten medal sedaja, toer wonten ingkang lan wonten ingkang dadakan neda me--dal, inggih leres boten katah, nanging damel kagèt. Ing mangka anggené nariki boten mlinder, dasar namoeng kala mangsa. Oeba rampé sampoen naté klebet ing Sw-Tm.

Ing atasipoen 2 ketip sapangandap, nanging pantes lan saged kabrekak. Dipoenréntjangi tambel. Goeroe sanèsipoen boten katarik oeroenan déning ki. Dados ing taoen poenika ambal ping 2. Nanging kok inggih poenten kémawon, ingkang medal tjekapan kémawon. Mila saking wawasana koela, réhning taksih kados makaten, jèn boten wonten pitoe-loenganipoen prijantoe B. B. Loe-loerahipoen ing rikoe inggih rakaos sanget. Panjerat sanget ngaosi dateng kangèlan saha bantoean lan pitoe-loenganipoen ingkang Wedana. Wadjib dipoentjaosi panoewoen.

Makaten oegi para kepalaning doesoan, sampoen katlompèng, moegi sami toemoeta angadjengaken laré dateng sakolah, awit kapala doesoan poenika minangka bapa baboenipoen tijang sadoesoan saanak poetoenipoen. Lan wadjib ngarah tata tentrem rahajoening momonganipoen sadaja, sampoen ngantos dados paran toetoehan.

Goeroe lan kapala doesoan inggih sageda sambet padamelan babagan boetoehing sakolah. Awit goeroe inggih babaoening Nagari kapala doesoan semanten oegi. Dados jèn dipoentdani toeloeng sampoen ngrémèhaken lan ngraos kados déné dipoenrèh oetawi dipoenprèntah. Jèn klampah makaten, saged sakétja lampahipoen, lan ngengetana poenika waoe, jèn, kapala doesoan wadjib ngangkah moeljaning momonganipoen. Titi. PHONOGRAAF.

Sadjirin, kasarengan ing gendèr, saé sanget. Ing salebeting feest waoe, sadaja katingal gembira, boten wonten ingkang tjoeawal Regeng sanget, sareng doemoegi feestlied ingkang katoentoen déning broeder, kados? gebouw Mulo horeg.

Kirang langkoeng djam 11,30 saweg bibaran.

(A. J. S.)

GORRESPONDENTIE.

S. S. Dh. Adrès S. K.: P.P.K.D. -kantor Koemendaman Jogjakarta: karangan sanèsipoen poensrantosaken.

A. J. S. Timoeran: prajogi. Abn. no. 555 sampoen leres; kwartaal 2 lan 3 dèrèng.

Jatna Rahardja Bodjonegoro. Tata-krama salebeting journalistiek boten ngingngaken kita matjak karangan pandjenengan ingkang asisirah „Roedjak woh loendèn." Karangan makaten poenika kedah kakintoe-aken dateng redactioning serat kabar ingkang ngewrat karangan ingkang pandjenengan sawoè. Andadosna kawoeningan!

gambir saweg tata-tata. Pasar malem Tegal, Koedoes etc., sampoen kapengker. Sekatèn Djocja, Solo oegi sampoen moengel. Tjekak aos, manawi para statisticus karsa damel statistik ing sa Indonèsijah, pinten arta ingkang kampoeng toemandja dateng bangsanipoen ropjan-ropjan pasar malem, ing dalem satoentaenipoen, mangké rak ladjeng soemerep, lan nggetoeni sapinten krowoking kantong Indonèsijah.

Ramé rembagipoen para djempolan lan djentik-djentik, inggih wonten ing pakempalan lan ing serat kabar, bilih para Indonèsiers manawi badé nggajoech kamardikaning Indonèsijah inggih kedah ndandosi economie. Kados-poendi anggenipoen sami badé ndandosi economie, manawi boten hijeg sajoek sabijantoe, ageng alit, inggil andap sami reksa-rineksa. Ingkang alit inggih kedah ndjagi economie-nipoen

KABAR KATHOLIEK.

Kanggé Missie.

Pandjenenganipoen Zuster Franciscanessen J. M. Keizers lan M. Lodewijks, kala 2 Agostoes mantjal palaboehan Den Haag, tindak datang Missie Borneo.

Pastor H. Hart, pandjenenganipoen t. Bedaux de Jong bédjng tanggal 15 September inggih tindak datang Indonesia, sarta tjalon makarja wonten Nieuw-Guinea. Noenggil wekdal kalijan tindakipoen P. de Jong waoe, pandjenenganipoen P. van Opstel lan Lemmens inggih nilar nagari Walandi, makarja wonten Missie Celebes. Semanten oegi pandjenenganipoen P. van Pers lan Damman, tjalon makarja kanggé Missie Djawi Tengah.

Pangageman Mis Soetji tjéngkok Djawi.

Ngahad 27 Juli, ing Grédja S. Pétroes lan Marsèlinoes ing Geleen (Nederland) wonten Imam Djawi ngendjoekaken Mis, i. p. pandjenenganipoen P. Djajasepoetra, Soekiman lan Soegija. Pangagemanipoen Imam dalah pangangéning djoeroe lados Mis Soetji, ing salebeting Mis Soetji waoe, mawi tjéngkok Djawi. Ingkang ndamel pakempalan-andondomi-kanggé Missie ing Geleen. Modèlipoen pangageman ingkang ndamel Rama tetiga waoe.

Pangageman waoe, tanggal 15—17 Agostoes dipoenpitontonen. (Koerier).

Pangoeja-oeja Agami, ing Tiengkok.

Imam Sarékat Jésoes kekalih, bangsa Sepanyol, ing kita Hochan (prov. Anhwei), kalanipoen kita waoe katjempeng mengsah, sami saged ngoengsi datang paredèn. Ngan-

tos tigang minggu anggènipoen madosi Imam waoe. Sareng kepanggih, dipoentawan lan neda teboesan 50.000 dollar.

Ing prov. Honan, mentas wonten Imam warga Konggregasi van Steijl asma Clifford King, dipoentawan bégal. Pater King poenika ingkang jasa satoengiling pakempalanipoen para moeda ingkang taksih sakolah ing Amerika, kanggé perloening Missie. Pakempalan poenika waoe sampoen gadah warga 400.000. Margi wontening pakempalan poenika, karta sanget tjijang saged ingkang anggatosaken Missie. (Koerier).

Moerid Jezuïet.

Oetoesan Mesir wonten Londen tetiga, Sesostris Sidarius Bey, Mohamad Fakhy lan Sadek Wahba Pascha, sadaja tjijang Islam, poenika waoenipoen wedalan sakolahan kagoenganipoen Pastor Sarékat Jésoes. Prakawis poenika kasoemerepanipoen ing ngakatah anjarengi kala ing Kairo wonten papanggihanipoen para tilas moeridipoen Imam Jezuïet ingkang dipoendatengi tjijang 300.

Semanten oegi opperceremonie-meester-ipoen sang praboe, inggih wedalan sakolahanipoen Imam Jezuïet. (Koerier).

Badé dados Meester in de Rechten.

Koela mireng pawartos ingkang sanget kénging dipoendel (—santengah opisijil—), manawi tanpa alangan, pakempalan kita Van Lith Stichting badé angragadi sadèrèk Kasiman ingkang nedyang anggoeh seseboetan Meester in de Rechten, wonten nagari Wlandi. Koela toemoet moemoedji kasembadanipoen.

KABAR OEMOEM INDONESIA

SAKING MAGELANG.

Margi main.

Kala Slasa 29-7 ing Grabag bawah Magelang, wonten Tjina nglélangaken grija sapémahanipoen. Ragadipoen damel grija roemijin kabariipoen telas f8000. Tjina waoe gadah motor bus merk ADAM *) oegi kalélangaken. Kabariipoen samangké Tjina waoe ladjeng toemoet sadèrèkipoen. Kawan woelan kapengker pijambakipoen gadah pabrik mertjion wonten ing Grabag. Ananging bandanipoen sadaja waoe sapoenika sampoen oetjoel saking tanganipoen sadaja. Kawartos Tjina waoe mentas kawon main ing soos Ngajodja sepisan, soos Semarang ping 2. Kadoegi jatanipoen angsal-angsalaning nglélangaken kanggé ngetuji kawonipoen.

Poeni saénipoen main? *) Djalan Grabag — Magelang.

Ambédakaken loerah lan tjarik.

Nalika Mei koela ketamoean satoengiling tjarik doesoan ing Giri bawah Ass. Wed. Tjakra bawah Kawedanan Grabag Magelang, omong datang koela wosipoen badé neda woeroek basa Walandi datang koela. Réhning koela boten saged, inggih katha-katha santolan koela. Pijambakipoen nerangaken sebab poenapa kok badé neda woelang datang tjijang ingkang grljanipoen tebih; mangka ing Tjakra wonten satoengiling prijantoen toer loerahipoen (ingkang mbawahaken) moelang basa Walandi.

Sinten poenika? Saking tjarijipoen, B. Ass. Wd. waoe ngwontenaken cursus basa Walandi ingkang dados moeridipoen para loerah doesoan ing bawahipoen. Para tjarik doesoan boten kapareng ndèrèk.

Lah, poenika poenapa sababipoen? Saking pangraos koela tjarik doesoan inggih betah ngretos boten kéténg sakedik datang basa waoe. Malah manggah sami déné saged tjara Walandi, Loerah kalijan tjarik, rak katha goenanipoen mas tjarik. Djalaran ingkang nggarap bab serat-serat poenika rak mas tjarik, déné mas loerah. Poenapa boten prajogi jèn sadaja sami mangertosipoen.

Loerah gadah wekdal, tjarik boten tosiipoen. Jèn lenggahipoen loerah langkoeng katha kok padamelanipoen langkoeng sakedik, poenapa boten prajogi jèn lintonan lenggah?

Ing wasana manawi sapoenika sampoen boten ngaten, koela njowoen pangaksama datang ingkang kataman. Malah pamoedji koela soekoer-soekoer jèn sampoen éwah. poen S. S. Dh.

All Indonesia Congres. Ing Djakarta, bédjng 25, 26, 27, 28 December '30, badé wonten All

Indonesia Congres, angrembag prakawis poelitik, sosial, ékonomi, lss. Kaekoem pedjah.

Sekan, tjijang ingkang medjahi koemendan pelpoelisi De Ruiters ing Kaban Djaé (Deli) dipoenoekoem pedjah.

Kaboetjal.

Tjijang Ambon anama Patty, ingkang kaboetjal datang Flores kala 5 Agostoes, sampoen kaangkataken datang Soerabaja, saking ngrikoe tjalon teroes datang Flores. — Mr. Koesoema Soemantri sampoen pangkat datang Banda.

Ngobong majit.

Ing Bali (Tempaksiring) mentas wonten majit kaobong boten kirang saking 150, Pantjakanipoen 20.

Kabesmen.

Kala 1 Agosto, Java Houhandel Kalibaroé, Semarang kabesmen.

SAKING NGAJODJAKARTA.

Margi sampoen telas dinesipoen, wiwit tanggal 2 April '31 pandjenenganipoen Insepkoer Inl. Onderwijs, 5e ressort Ngajodjakarta tw. W. J. P. S. h a l k e n, kaparingan kéndel kalijan hoerwat.

Para sadèrèk poenggama pabrik Negresco, sami ngedegaken pakempalan anama Trade of Trisna, dipoewat-awati P.P.K.D., K. W., toewin W. K.

Para prijantoen B. B. bangsa Indonesia sami ngedegaken pakempalan P (erserikat)an P (egawai) B (estuuar) B (oemipoetra), dipoepangarsani R. Wisnoetjaja.

Koninklijke Militair Academi.

Wonten iksamenan wekasan Koninklijke Militair Academie ing Breda (Nederland) sadèrèk Mohamad Soedibja, Soetapa, toewin Soewardi sami katarimah iksamenipoen, apangkat litnan nomer kalih. Arta sakolah ing woelan Sijam.

Wd. Dirékoer Dep. van Onderwijs en Eeredienst, mentas ngedalaken sirkoeleer datang para pangageng gewest, asoeraos badé ngawontenaken pranatan: moerid-moerid pamoelangan angka kalih ing woelan Sijam kapoerih ambajar kados moerid-moerid pamoelangan andap Kilenan.

Karsa ingkang makaten waoe adedasar: sami-sami toewin angéngeti awoning kawontenanipoen arta Nagari.

Nanging, sadèrèngipoen O. E. oesoel datang Paréntah, badé midandgetaken pamanggihipoen para ambtenaar bangsa Indonesia lan bangsa Éropah. Mila para pangageng gewest soepados inggih neda rembagipoen ambtenaar golongan kakalih waoe.

Angéwahi tatanan ingkang sampoen toemindak lami, lan éwahipoen waoe badé damel rekaosipoen ingkang kataman, poenika moetawatosi.

Saoepami wiwit tjak kawitan mila, ing sakolahan angka kalih toewin pamoelangan doesoan sampoen dipoenwonteni pranatan makaten, sapriki mesti inggih sampoen atoei. Mangka sapoenika tetijang alit sampoen manoe: „Sasi Pasa ora mbajar

sakolahé anaké.” Poenika manawi dipoenéwahi kapoerih mbajar, panampinipoen tetijang ladjeng namoeng badé ngimbeti awrating pikoelanipoen. Mangka sadèrèk ingkang njakolahaken anakipoen datang pamoelangan kakalih poenika waoe, limrahipoen golongan tjijang boten gadah kasagedan. Dados boten saged mikir inggil: margi ana kasis goela lss; ngertosipoen: „poendakkoe abot; . . . Negara soegih!” Mila, pangadjeng - adjeng koela, sampoen ngantos dipoenladjengaken angoesoelaken prakawis kaseboet. Setoen sapoenika Departement oesoel: „botjah-botjah H. I. S. sasi Pasa ora soesah mbajar,” poenika koela matoek sanget. Nanging, . . . atoei koela poenika atoeipoen tjijang ngliendoer; boten badé kalampah wonten oesoel saking awak-awaking nagari: „sasi Pasa botjah H. I. S. ora soesah ambajar.” . . . O. bezuining, kok lé awas temen! (Red).

Sinaoe dateng Nederland.

R. Sidharta Poesawardaja poetra pensjoenan goeroe H. I. S. ing Oengaran, mentas wedalan A.M.S. Solo, mentas bidal datang nagari Walandi preloe sinaoe prakawis ngélmoe pangadilan. (Bahagia).

Prakawis nonah Beckering.

Pandjenengan taksih sami kengetan lelampahan sawatawis woelan kapengker nonah Walandi anama Beckering Betawi, nedyang dipoenrah njawanipoen déning satoengiling doerdjana wonten hotel. Nembé poenika tjijang Makasar ingkang kadakwa, anama Karim, kapriksa prakawisipoen, sarta katetepaken kalepatan, kadawahanan oekoem boewi 15 taen. Karim apèl,

Pikantoe hoofdact.

B. Hoetasoit, laré Batak, roemijin wedalan Kw. S. Goenoeng Sari Weltevreden, nembé pikantoe hoofdacte wonten Nederland.

Para G. G. ing Indonesia.

Tetijang sapoenika sampoen kénging ningali gambar-gambaripoen sadaja G. G. ingkang naté ambawahaken Indonesia. Gambar-gambaripoen waoe doemoenoeng wonten Kadaton Rijswijk 16, Betawi. Manawi ningali tanpa bajaran.

R. H. S.

R. Soedarsana, lan Soedarna, Rechtschool, katarimah iksamenipoen doctoraal-examen pérangan kapisan.

Dokar tanpa kapal.

Margi kerep wonten lelampahan tjijang kasoendoek boeming dokar, gemeente Soerabaja anetepaken modéling boem dokar. Malah boten namoeng mandeg samanten. Manoei Srbj. Hdbl. insinjoer H. Schalk mentas andjadal dokar tanpa kapal. Boeming dokar dipoentjaji, kapalipoen dipoen-gantos motor D. K. W. mawi roda satoenggal, dados dokaripoen waoe aroda tiga. Motor waoe rikat-rikatipoen saged 20 K. M. saedjam, rindik-rindikipoen sami kalijan rikating lampahipoen tjijang. Bènsin ingkang kanggé dokar modél énggal waoe, irit sanget. Kanggé mlampah tebihipoen 33 K. M. namoeng nelasaken lisah 1 L.

Toempakan modél énggal waoe oegi badé kapamèraken pangrèh gemeente . . . (Tjalon mesakaken kanta tjijang ingkang gadah dokar). Manawi baita perang botjor, . . .

Baita perang Sumatra, nalika loemampah mantoek datang Soerabaja saking anggènipoen katjobi lampahipoen, wonten Panaroekan, botjor kaprenah ing margi lisah, ngantos kobongan sakedik. Mesti kémawon Nagari tjalon ngedalaken arta kanggé andandosi. Gandèng kalijan prakawis poenika, sasampoenipoen ngoemoekaken kaloehoeranipoen bangsa Walandi margi saganten, Snipperaar ing s. k. Mid-den Java, kadjawi sanès-sanès tjarijos makaten:

„Tempo dahoeloe bracht onze vloot zilver in 's Lands geldlade.

Thans geven wij de gest . . . (gestolen; Red), och ik bedoei „veroverde” zilverlingen met rente en interest uit aan reparatie kosten vòor de vloot, voor onze vloot. . . (Dèk bijèn, kapalkoe-perang ngisèni doewit, petèné Nagara. Saiki, doewit tjo . . . (longan), ah doedoel, sing tak karepè doewit „nangnangan” maoe dakwetokaké kanti nqanaki kanggo andandani kapal-perangkoe.”

Awis pandamelan.

Ing Bandoeng, tanggal 1 Agostoes poenika wonten bikakan koer-soes montir kanggé Post Telegraaf en Telephoondienst. Ingkang dipoenbetahaken namoeng laré 27. Nanging ingkang ngèlabeti wonten sèwoe tigang atoes sèket (A. I. D.).

Arta langkoeng samlijoen kanggé damel margi.

Ing parepatan Raad Kaboepatèn Malang ingkang badé kalampahan poenika, badé angrembag damel margi énggal 8, pandjanganipoen 96 K. M., wragadipoen f1.074.000. Margi-margi waoe ingkang 6 ing Paqak (Malang Kidoei), pandjang-

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

ANGLEBOER PADAGANGAN WANITA.

Pambijantoenipoen Paréntah.

Nembé poenika Departement van Justitie anjeban serat sebaran datang para pangageng gewest. Sirkoeleer waoe, kanggé merangi padagangan tjijang èstri. Sakawit njarijosaken lalampahan ingkang doemawah datang badanipoen laré èstri tetiga ing Koetawinangoen ingkang kasadé tjijang datang Singgapoer, kados ingkang sampoen naté kawrat ing Sw. Tm. ngriki. Sasampoenipoen makaten sirkoeleer poenika anjebotaken asoeraos:

„bilih anggènipoen tindak awon poenika prasasat boten kasoemerepan, poenika margi tetijang doesoan sami ngandelan lan kèndel kémawon. Kadjawi makaten ichtijar pangleboering padagangan waoe, boten badé saged kasembadan, manawi boten pikantoe pambijantoenipoen golongan pinten-pinten; inggih sanadyan poelisi, pangrèh doesoan, poenggawa palaboehan sami toemoet tandang damel. Tetijang ngriki pijambak kedah ngatos-atos, sampoen agé-agé ngandel datang tjijang sanès ingkang andjandjèni kamoektèn, kawibawan, wonten nagari sanès. Saja manawi ingkang dipoen-iming-imingi oetawi dipoendjandjèni waoe tjijang èstri lan prawan, poenika sampoen agé-agé ladjeng anggega.

Sasampoenipoen sarembag kalijan Adviseur Inl. Zaken, Departement van Justitie saged andawoehaken bilih kadjawi para prijantoen B. B., loerah-loerah doesoan, para goeroe djalar lan èstri inggih saged toemoet merangi prakawis poenika. Wonten salebet lan sadjawaning sakolahan, para goeroe poenika waoe saged angéngaken bilih tjijang èstri toewin prawan ingkang goemampil toemoet tjijang datang nagari mantja, poenika adakanipoen badé nemahi sangsara, inggih sanadyan pamikatipoen dapoer pangiming-iming ingkang ménginaken pisan. Tjijang ingkang dipoentawèni pandamelan wonten mantja waoe prajogi sami ngoepados katrangan datang prijantoen pangrèh pradja bangsa Indonesia oet. Éropah.

Biro kagoenganipoen Paréntah ingkang sedyanipoen inggih merangi prakawis padagangan tjijang èstri toewin boekoe-boekoe saroe, sagah ambijantoe anjegah padagangan poenika, sarana paring katrangan-katrangan lan manawi perloe, sagah anindakaken papriksan kawontenanipoen tanah mantja.”

**

Wedalipoen sirkoeleer poenika, ngantawisi bilih Paréntah ambijantoe sanget datang aksi ngleboer padagangan laré èstri. Oetawi kénging katemboengaken: adeding C.P.P.A. toemoet andajani wedaling sirkoeleer poenika. Adegipoen C. P. P. A. andajani Paréntah badé angentjengi toemindaking artikel anjegah padagangan satoenggal poenika, langkoeng kentjeng tinimbang waoenipoen.

Kaseboet ing nginggil, anggènipoen prakawis andagang prawan waoe boten ladjeng kasoemerepan, poenika margi tetijang sami kèndel.

Ing ngriki preloe koela pratélakaken, bilih kèndelipoen tetijang ndoesoen, poenika dèrèng mesti saking lepatipoen tetijang waoe pijambak.

Koepija ing padoesoenan, anedahaken koela sadaja: kerep kémawon wonten loerah doesoan boten mardoeli wadoelipoen kanta alit. Réhne sampoen kerep katatalan makaten, tetijang ladjeng djindja. Watak wantoenipoen tjijang dèrèng nalar, sa-

dèrèk, . . . pandjenengan saged anggagapi!

Déné kanta loerah anggènipoen sok gadah tindak makaten waoe, limrahipoen kadjawi kamanah ngindak-indaki pandamelan, inggih margi tjampoer tangan. Ing ngandap poenika koela njaosi tjonto lalampahan anggènipoen poenggawa doesoan sok boten mardoeli palapoeranipoen kanta alit.

Midden Java tanggal 1 Augustus '30 metik pawartos ing Nieuw Soerabj. Courant ingkang asirah „Dessa geheimen” oet. „Wawadosing padoesoenan.” Ing pawartos waoe katarijosaken kirang langkoeng kalih tengah taen kapengker, mbok B. ing Tjoeroeg, kesripahan anak oemoer 1 1/2 taen, margi katjemploeng soemoer. Konanganipoen, sareng sampoen pedjah mekoengkoeng; Poen bijoeng ladjeng mladjeng datang panggenanipoen pentjalang (loerah), sarta mratélakaken badé lapoer datang poelisi Mr. Cornelis. Nanging, dipoenpenggak poenggawa doesoan waoe. Tjarijosipoen: nek lapoer, kowé malah répot, toer ora woeroeng kowé mesti ngetokaké doewit akèh kanggo toekoe lawon, wragad njortanah, lll. Betjike, . . . soemoer ditabek wael! — Poen bijoeng, manoe. Soemoer ingkang lebetipoen ± 11 M, ladjeng dipoenoeroeg tjijang sakawan: sadinten rampoeng . . .

Mangga, kados - poendi makaten poenika Nanging, . . . sampoen!, koepija padoesoenan poenika waoe boten soesah kapandjang-pandjangan! Ingkang perloe: Paréntah mbijantoni sanget ichtijar anjirnakaken padagangan laré èstri!

Gandèng kalijan lalampahan itjalipoen laré Salam kados ingkang kawartosaken ing Sw. T. kala Djoemoeah kapengker, s. k. Het Nieuws van den Dag njarijosaken mireng rerembaganipoen tjijang ingkang nedja ngleboer padagangan waoe, boten poeroen njamboet damel sasarengan kalijan Paréntah. Kawontenan poenika, sanget dipoen-getoeni Het Nieuws. Serat kabar waoe mrajogékaken sanget datang C. P. P. A. soepados salebetipoen toemandang ndamel, poeroena neda pitoeloenganipoen poelisi toewin prijantoen pangrèh pradja.

Pamirengipoen Het Nieuws waoe katha inggihipoen. Anggèni koela wani matoer makaten, margi angéngeti ing salebeting C. P. P. A., pantjèn wonten kalih golongan. Inggih poenika: poeroen lan boten poeroen njamboet damel sasarengan kalijan Paréntah; alijas golongan coöperators kalijan non coöperators. Dados, swanten ingkang kapireng koepingipoen Het Nieuws waoe, asli saking golongan non-coöperator.

Koeping koela pijambak, inggih mireng swanten wonten kalangan C. P. P. A. ingkang glètèk-petèlipoen kados tjarijosipoen Het Nieuws.

Nanging, pènget, swanten poenika waoe dédé swanten parepatan C.P.P.A. Dados dédé swanten opisijil. Boten kénging ladjeng kanggé anetepaken: C.P.P.A. emoh njamboet gawé babarengan karo Paréntah . . .

Madegipoen C. P. P. A. pantjèn ada-adanipoen tetijang ngriki pijambak. Medal saking autoactiviteit kita. Lan autoactiviteit poenika waoe boten anentjang C. P. P. A. nampik kémawon, oetawi ngadjengi pambijantoenipoen Paréntah.

Nanging kanggé ngajoni mengsah sekti poenika waoe, wadyabala kita kedah katha. Barisan kita kedah santosa. Saja kekah, saja prajogi Mila, astanipoen Paréntah ingkang sampoen moeloeng nedyang atoetoe-loeng poenika waoe, kinten koela boten badé dipoensamploek golongan C. P. P. A.

Kumuningsaselé 3 Augustus '30. Taklim PATJAR MERAH.

NGOEPADOS

réntjang èstri (sokoer Katholiek), tjekap ing oemoer, mrantasi pendamelan ing pawon toewin kénging pinitados momong laré-laré.

Kanggé fam. J. C. O. Hadiwardaja Pagilaran Pekalongan.

Blandja: f 5.— sawoelan. Neda toewin tilem nglebet. Katrangan datang ADMINISTRATIE Swara Tama.

Receipt²ER
ER
ER
ER
ER

APOTHEKEN

Rathkamp
& Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGÈNT KANGGÉ SALEBETIPOEN
NGAJOGJAKARTA.

Sepeda-sepeda merk:

SIMPLEX Cycloide, S. djené, S. petak sarta Simplex Transfer.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje sarta Woestduin.
TOURIST: A. A. sarta A.

Sedija oegi sepeda merk:

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONIG.
Sarta malih sepeda mirah wiwit pengaos f 55.—, f 65.—, f 75.—
saprabotipoen: Klinting, pompa, lentéra sarta tas isi perka-
kas koentji sarta wadah lisah.Mentas tampi per S.S. Slamet sarta JOH. de WIT sepeda merk:
ROVER Imperial, continental, The Rover sarta Metallicus.
Sedija oegi Djas djawah, Kopper, Lentéra Stormking, Lemantoen
tosan sarta tjet wenter.

PENJADÉJAN KENTJÈNG SARTA KATJITJILAKEN.

Menawi perloe moendoet katerangan, badé kakintoen pratélani-
poen kalajan lelahanan.

Njenjadang Welingan.

Rijwielenhandel Reparatie-inrichting en Smederij:
„WIRJOSOESENO”

Lodjketjil 16. NGAJOGJAKARTA Telf. No. 13.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.Adres jang
moerahDJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran
Swara Tama

dapat POTONGAN.

PAKOLEH TOER LOEWESAN
SAÉ TOEWIN AWÈT
INGGIH NAMOENG
MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W.

Nitjil kénging! — Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG
MALIOBORO — DJOKJA — TELF. 508.TOKO BARANG - BARANG
H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak - anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak - anak ketjil. —SEMEOA BARANG PALING DJEMPOL, DAN
MOERAH SEKALI!

Toko DJOEN & Co., Djocja.

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik
boewat pembikinannya.ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan
BESCHUIT-BESCHUIT KERING.SROETOE-SROETOE dan ROKOK-
ROKOK, jang haloes dan kasar.Djoega slamanja djangkan loepa minoem kita
poenja KOFFIE BOEBOOK, jang special die
giling dengan machine Electrics, bisa giling aloes
dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an
die tangoeng sampee menjenengken, harga per
pond f 0.90.

Boli dateng saksiken!

Memoedjiken dengan hormat
Toko DJOEN & Co.

TJÈT GILAP wedalan FRIELING model A.

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

kawadahan ing blèg, netto 10 5 2½ 1 ½ kilo;
sablèg regi 10,50 5,50 3,- 1,30 0,75;TJÈT GILAP model B, kanggé ndjawi lan nglebet
namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50;
5 kilo: f 4,50.PABRIK TJET R. B. FRIELING
Gondhomanan 80 — DJOKJA — Telefoon no. 784.

JÈN NIJAT

TEMTOE SAGED.

Soewawi ambijan-
toe Swara - Tama
sarana dados leng-
ganan.

Sinten dèrèng?

Mangga madjeng!

Sadèrèk Mangga.

KLEERMAKER ACHMAD

TAMBAKSEGARAN

SOLO

Pantji soedija kanggé para kakoeng

mawi modèl warni-warni; oegi nampi

welingan badé roepi-roepi.

DAMELANIPOEN NÈTJES:

ÉPAHANIPOEN PANTES.

EIGENAAR ACHMADJASIN

ipoen goenggoeng 51 K. M. Ngan-
tang-Wlingi, Djongga-Tawas (Ma-
djakarta) (Srbj. Hdbi.)

MANTJA NEGARI.

HINDOE.

Djiwanipoen tanah ngrikoe, boten
kirang saking 1/5 lipoen djiwa ing
sadjagad, i. p. wonten 319 mljoen.
Djiwa samanten poenika ingkang
bangsa Europa namoeng 200.000.Tjatjahing poelisi lan soeldadoe:
68.000; manawi karatjak saben
bangsa Hindoe 4.700, satoenggal.Bangsa Hindoe 319 mljoen waoe,
ingkang 60 mljoen sobat-kentel-
ipoen Inggris, sarta sami kalebet
golongan „Soedra.” Golongan soe-
dra poenika satanah ngrikoe di-
poenasoraken pijambak, boten ké-
nging nglebeti tjandi-tjandi Brahma,
anak-anakipoen boten angsal kale-
betaken sakolah. Malah roemijin
tetijang Hindoe gadah wewenang
pedjah gesangipoen golongan Soe-
dra, nanging prakawis poenika sam-
poen kasirnakaken paréntah Inggris.Tijang 319 mljoen waoe, ingkang
ngroengkebi Agami Kristen namoeng
5 mljoen; lan pakarjan Zending ing
ngrikoe boten gadah pangadjeng-
adjeng (. . . ? ? Red.). Déné ing-
kang 314 mljoen, Agaminipoen
warni-warni, (warni 300).Laré diwasa bangsa Hindoe ing-
kang saged maos lan njerat namoeng
8%. Nanging sanadjan namoeng
8%, ingkang saged dados ahli
anganggit kikiidoengan (dichter) bo-
ten kirang saking 350.000.Tanah ngrikoe loh. Nanging tijang
pedjah katah sanget. Laré ingkang
pedjah sataoen-taenipoen boten
kirang saking kalih mljoen (laré
soeson dèrèng oemoer saminggoe:
800.000; laré soeson oemoer saan-tawisipoen kalih kalijan sakawan
minggoe, wonten: 1.200.000). Ma-
jitiipoen laré-laré poenika sami ka-
kèlèkaken wonten lèpèn-lèpèn.Tjatjahing bijoeng taksih enèm
ingkang pedjah, sataoen-taenipoen
12 mljoen. Inggang katah margi
kirang pandjagining kasarasan. Ma-
nawi poen bijoeng waoe gadah
anak, papanipoen wonten kundang
njanding popok reged-reged sanget.
Sanadjan semanten katahipoen bi-
joeng enèm ingkang tilar donja,
tjatjahipoen waranda inggih boten
sakedik. Sataoen-taenipoen wonten
27 mljoen. Dasanan taoen kapeng-
ker, taksih wonten padatan, manawi
tijang èstri katilar pedjah lakiniipoen,
kedah ambèlani „mati obong.” Prak-
awis poenika dipoensirnakaken
paréntah Inggris. Sang Mahatma
Gandhi pijambak tjarijos makaten:
„Anggeré waranda maoe ora laki
manèh, koewi wis tjoekeop. Déné
manawa nalikané sing lanang mèh
ontjat njawané, ninggal wekas si-
neksèn wong loro: sing wadon kena
omah-omah manèh, koewi waranda
maoe hija kena bandjoer laki olèh
wong lija.”Margi makaten waoe, waranda-
waranda waoe ingkang katah sami
kalambrangan; ngemis! Premilini-
poen sami boten poeroen ngopèni.
Tjatjahing waranda ingkang pipriman
poenika waoe wonten 10 mljoen.
Tjatjah samanten poenika taksih
wewah malih, katahipoen tijang
djaler ngemis: 14 mljoen.Makaten tjarijosipoen „L' inde ave
les Anglais.” (Midden Java).Kawontenan politik ing Hindoe,
dèrèng tentrem.TIONGKOK. Boten menda, ma-
lah ndados.Tanggal 31 Juli, ing Hankou
angoendangaken oendang perang.Wonten koeminis nenem dipoen-
tjepeng.Bat. Nbl. njarijosaken kapal pe-
rang Inggris Aphis, dateng saking
Changsha, wonten Hankou ambekta
tijang ngoengsi gesang 49, djaler
29, èstri 15, laré 5, (tijang Noor,
Amerika, Prantjis, Djerman, lss.).Barisan koeminis ing Shanghai
angoemoemaken brontakan-mèrah
wonten prov. Hunan lan Kiangsi,
sarta badé ngrebat Hankou. Kreteg-
kreg margi sepoer Peking — Han-
kou-spoerweg, kaprenah 20 — 40
mil saelèr Hunan, dipoenboedjadi.Wadyabala koeminis ing Tiongkok
wonten 60.000, gadah sendjata, mri-
jem, pirantos radio, montor maboer,
lss. 45.000.ROESLAN. Kabar saking Moskau
4 Agoestoos, njarijosaken wonten
lindoe ageng naradjang tanah salèr-
ipoen pasisir saganten Kaspi. Kita
Chapazvo lan Uritcky risak babar
pisan. Kapitoenèn kinten? mljoenan.
Tijang ingkang pedjah, ketatun toe-
win kètjalan grija pinten-pinten
atoos.

PARANGAKIK. Pogokan.

Parangakik Lèr wonten pogokan.
Manoet tjatetan opisijil, kala 31
Juli, wonten 80.000. Tjatjah samant-
en poenika, manoet tjarijosipoen
Paréntah boten sapintena, margi
tjatjahipoen kaom berah wonten
8 mljoen. Tjatjah 80.000 poenika
boten mandeg, malah mindak. Rou-
baix anoesoeli tijang mogok 2000.Tijang pogokan ing Halluin tjelak
Roubaix, kala Senèn tjampoeh ka-
lijan poelisi. Nanging ladjeng sirep.

DJERMAN. Pangiridan.

Pabrik-pabrik èlèktiris lan tosan,
katjarijosaken badé ngawontenaken
pangiridan amotjoti poenggawa lan
njoedani blandja.

Pabrik Siemens sampoen amotjoti

poenggawa 700. Pakempalan-pa-
kempalan toenggil damel sami badé
kroda manawi blandja dipoenoen-
kret.Dipoenkoewatosaken: tetijang ing-
kang sami nganggoer dadakan ma-
èwoe-èwoe waoe gèk ladjeng toe-
mijoeng dateng aksi mèrah.Satoenggiling pakempalan toenggil
damel ing Djerman ingkang santosa
lan atindak boten mèrah, ngintoen-
aken pèpèngget dateng Paréntah pra-
kawis kawontenan ingkang badé
doemados margi dajaning pangir-
ridan.

BARITANIJAH. Indakan bajar.

Komité prakawis blandjanipoen
Minister, anggadhahi pamanggih: ba-
jaripoen Minister-President, ingkang
sapoenika 5000 pondsterling sataoen,
soepados kadadosaken 7000 pond-
sterling.

Tijang nganggoer.

Tijang nganggoer ing Baritanijah
kala minggoe antawisipoen tanggal
13-20 Juli, wonten 939 èwoe. Manawi
katanding kalijan taoen kapengker
lan inggih noenggil wekdal kalijan
wekdal kaseboet nginggil, mindak
800 èwoe.

DJEPANG. Prahara.

Tjatetan opisijil anjarijosaken bilih
nalika Korea kala 18 Juli katradjang
prahara, tijang ingkang pedjah won-
ten 293; lan teksih wonten tijang
1493 dèrèng pinanggih; bokmanawi
inggih pedjah. Grija ingkang risak
8475.Déné tjatetan toemrap Kyushu
(Djepang Kidoel): ingkang pedjah
82, tijang ingkang dèrèng pinanggih
75, tijang tatoe 425, grija ingkang
risak babarpisan 16890; namoeng
karisakan sakedik: grija 20.785. Baita
ingkang kèrem oet. itjal wonten
1803.

WAWASAN BOEKOE.

Nembé mangké redactie tampi boekoe:
Alatkarang mengarang
dihimpoenkan olèh
RADÈN SASRASOEGANDA.Boekoe poenika sampoen tjap-tjapan ka-
ping kalih; mratandani jèn dipoenadjengi.
Inggang saged migoenakaken boekoe poenika
laré ingkang sampoen naté sinaoe basa Mla-
djeng, apesipoen tamat sekolah angka 2
oetawi H. I. S., dados matoek manawi kang-
gé ing Kweek-lan Normaalscholen. Ing pa-
moelangan kalih poenika moerid-moerid tak-
sib katoentoen ing goeroe, pramila badé
langkoeng ènggal saha gampil toemindak-
ipoen katimbang kalijan manawi kaperih
sinaoe pijambak. Déné goeroe ingkang moe-
langaken, kedah damang pijambak dateng
basa Mladjeng, ngertos otak-atiking basa,
béda-bédanipoen basa Mladjeng lan Djawi:
dados sampoen ngantos oekara Djawi na-
moeng loegoe katemboengaken Mladjeng.
Tjara Djawi mleboe metoe: tjara Mla-
djeng: keloear masoek.Pranataning piwoelang oeroet-roentoet:
wiwitan gampil, ladjeng rasi angèl lan sa-
teroesipoen. Piwoelang kawitan namoeng
temboeng-temboeng ingkang sami oetawi
mèh sami tegesipoen toewin temboeng-tem-
boeng ingkang kosok-wangsoel: bakda poe-
nika ladjeng damel oekara tjelak-tjelak.Pangadjeng-adjengipoen redactie, moegi
boekoe kasbat saged ènggal telas; ladjeng
medal tjap-tjapan kaping tiga. Ananging ing
bedjnging sasaged-saged lepatang pangetjap
kaleresna; awit sapoenika taksih rasi katah
lepatang pangetjap: oep:

katja 6. no. 4. angka 21.

.. 16. .. 21. tjonto.

.. 30. .. 41. larikan saking wing-
king.

.. 35. .. 47. angka 14. enz.

Ananging lepat waoe goeroe saged ngle-
resaken. Bab regining koela boten saged
matoer, awit boten kaetjap ing boekoe. Tjo-
bi njoewoen priksa dateng pangarang pijam-
bak oetawi drukkerij B.O.B. Ngajogjakarta.Redactie matoer noewoen dateng pandje-
nanganipoen Radèn Sasrasoeganda.